# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 मार्च 2026 भोजपुरी समाचार

आजु अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवस हौ। येह बरिस क बिसय हौ–'महिलाओं और बालिकाओं के लिए अधिकार, न्याय और प्रयास'। येह मौका पर आजु प्रदेस भर में कई गो कार्यक्रम क आयोजन भइल। लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में 'पिंक रोजगार महाकुंभ' आ 'नारीसक्ति सम्मान समारोह' में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मुख्य अतिथि के रूप में सामिल भइलें। कार्यक्रम में मुख्यमंत्री कहलें कि आधा अबादी के नजरअंदाज कइ के कउनों समाज आत्मनिरभर नाहीं बनि सकी। उनकर सरकार आधा अबादी क सुरक्षा, गरिमा आ आत्मनिरभरता बदे मजबूती से डटल हौ। उहां के केन्द्र आ प्रदेस सरकार के ओरि से महिला स्वावलम्बन अउर कल्याण बदे चलावल जा रहल योजना क जिकिरि कइलीं आ सथहीं कहलीं कि–

***यह हर प्रदेशवासी की जिम्मेदारी बनती है। व बेटी की सुरक्षा के लिए नारी की गरिमा और उनके सम्मान की रक्षा करने लिए उनके स्वावलंबन के लिए उठाये जाने वाले सरकार के विभिन्न विभागों के द्वारा चाहे केन्द्र सरकार हो राज्य सरकार हो इन सभी सरकारों के द्वारा उठाये जाने वाले इन कदमों का लाभ उन तक अगर पहुंचाने में अपना योगदान देंगे। तो यह विकसित भारत की महत्वपूर्ण आधारशिला बनेगी।***

येह मौका पर मुख्यमंत्री नया चुनल गइल मुख्य सेविका लोगिन के नियुक्ति पत्र आ आंगनबाड़ी कार्यकत्रियन के आयुष्मान कार्ड बंटलें सथहीं बढ़ियां परदरसन करे वाली छात्रा लोगिन के सम्मानितो कइलें। येह मौका पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल महिला लोगिन के बधाई दिहले हइनि।

**********

अन्तर्राष्ट्रीय महिला दिवस पे लखनऊ में भइल मुख्यमंत्री के कार्यक्रम क प्रदेस के सज्जो जिला में सजीव प्रसारण देखल गइल। सज्जो जिला मुख्यालयन पर आयोजित कार्यक्रमन में महिला लोगिन के सम्मानितो कइल गइल।

लखनऊ आ प्रयागराज के सथहीं देस भर में कई जगहिनि पर आजु 'अस्मिता महिला एथलेटिक्स लीगो' क आयोजन भइल। अन्तर्राष्ट्रीय महिला दिवस के मौका पर बनारस में श्रीकाशी विश्वनाथ मंदिर न्यास मंदिर में महिला लोगिन के फ्री सुगम दरसन क खास इंतिजाम रहल। एकर सुरूआति आजु भिन्नहीं मंगला आरती से भइल अउर ई राति एगारह बजे ले लगतारे जारी रही।

**********

ईरान में अमेरिका आ इस्राएल के हवाई हमला, मिसाइल अउर ड्रोन ऑपरेसन के सथहीं पश्चिम एशिया लड़ाई क आजु नउवां दिन हौ। ई लड़ाई अब खाड़ी के कई देसन में फइलि गइल हौ। येह बिच्चे, भारत क बिदेस मंत्रालय कहले हौ कि लड़ाई सुरू भइले के बाद से सात मार्च ले बावन हजार से बेसी भारतीय नागरिकन के अपने देस वापिस ले आइल गइल बा।

**********

रैपर से राजनेता बनल बालेंद्र शाह क राष्ट्रीय स्वतंत्र पारटी–आरएसपी नेपाल के संसदीय चुनाव में बड़हन जीति के साथे सरकार बनवले क तइयारी कइ लिहले हौ। बालेन के नांव से मसहूर आरएसपी के प्रधानमंत्री पद के पैंतीस साल क ओम्मेदवार झापा–पांच निर्वान क्षेत्र में चारि बेरि क प्रधानमंत्री आ सीपीएन–यूएमएल क ओम्मेदवार के.पी. शर्मा ओली के करीब पचास हजार ओट से हरवलें। समाचार मिलले ले आरएसपी एक सौ छौ सीटि पर जीति हासिल कइ लिहले हौ आ अठारह सीटि पर आगे चलि रहल बा। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी चुनाव के सफल संचालन बदे नेपाल क जनता आ सरकार के बधाई दिहले हवें।

**********

आईसीसी टी–ट्वेंटी क्रिकेट विश्वकप क फाइनल मोकाबिला आजु भारत आ न्यूजीलैण्ड के बिच्चे अहमदाबाद के नरेन्द्र मोदी स्टेडियम में अब से कुछु देर बाद संझा सात बजे सुरू होई। सेमीफाइनल मोकाबिला में न्यूजीलैण्ड दक्षिण अफ्रिका के अउर भारत इग्लैण्ड के हरवले रहे। भारत चउथी बेरि जबकि न्यूजीलैण्ड दुसरी बेरि फाइनल में पहुंचल हौ। एगो रिपोर्ट–

***2007 और 2024 की विश्व विजेता टीम इंडिया के पास खिताबी हैट्रिक पूरी करने वाली पहली टीम बनने का शानदार मौका है। बेहद रोमांचक सेमीफाइनल में इंग्लैंड को मात देने वाली टीम इंडिया के सामने उलट–फेर करने में माहिर न्यूजीलैंड की टीम है। शानदार फॉर्म में चल रहे संजू सैमसन और जसप्रीत बुमराह पर एक बार फिर सभी की निगाहें होंगी। शंशाक कुमार आकाशवाणी समाचार दिल्ली।***

आकाशवाणी से फाइनल मैच क कमेंट्री एफएम रैनबो आ अतिरिक्त मीटरन पर संझा साढ़े छौवे बजे से प्रसारित कइल जाई।

**********

मौसम विभाग अगिला तीनि दिन ले मौसम 'सूखा' रहले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक येह दौरान न्यूनतम तापमान सामान्य रही ओहीं, अधिकतम तापमान में धीरे–धीरे दुइ से चारि डिगिरी क लगतारे बढ़ोत्तरी होई।

**********